DEPARTMAN DETA NYS - BIWO SÈVIS LISANS

PRATIK KWAFI CHEVE NATIRÈL
LIS SA W GEN POU W FÈ POU PWOSEDI EGZAMEN YO.

Egzamen sa a dire apeprè 2 èdtan edmi. Chak pwosedi gen yon tan presi jan sa mansyone pi ba a; pwosedi sa yo pral demontre sou yon mannken, ou dwe bay. Evalyatè a ap pale pou bay enstriksyon anvan demonstrasyon chak pwosedi. Yo prevwa yo pral pratike sekirite ak kontwòl enfeksyon pandan tout egzamen sa a annakò avèk lwa ak règleman Eta Nouyòk sou amelyorasyon aparans.

Preparasyon Espas Travay la ak Mannken (15 minit)
11 Travay Evalye

Enstriksyon Vèbal yo:
"Byenvini nan Egzamen Pratik sou Kwafi Cheve Natirèl la." Premye pati egzamen an se preparasyon espas travay ou ak mannken w lan. Kòmanse prepare sak ou a pou bagay ki ka jete yo epi dezenfekte kote w ap travay la. Apre w fin dezenfekte espas travay la, y ap mande w pou w mete plato dezenfektan w lan ansanm ak tout materyèl ak zouti ou bezwen pou w fè egzamen an. Apresa, ou ta dwe prepare mannken w lan. Lè w fini, tanpri fè bak epi tann plis enstriksyon an silans. Ou gen 15 minit pou w fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a.

1) Aplikan an abiye ak yon rad pwòp (yon chemiz oswa yon wòb) ki pa antre e li mete l sou yon chemiz oswa yon rad, epi li mete soulye fèmen ki kouvri zòtèy yo epi ki pa fèt an twal.
2) Yon solisyon dezenfektan EPA apwouve (ka sou fòm likid, espre, ti sèvyèt mouye, elt.); pwodui a nan anbalaj orijinal li, ki gen etikèt sou li epi li aplike pou kouvri tout sifas espas travay la epi espas travay la byen seche (ou ka itilize sèvyèt papye oswa sèvyèt) anvan ou kontinye.
3) Yo tache yon sachè plastik pou materyèl pou jete yo nan espas travay ki toupre a; yo itilize sachè pou jete materyèl pou jete yo pou jete tout materyèl ki pou jete yo ki sal pandan pwosedi dezenfeksyon an.
4) Yo te transpòte materyèl ki bezwen dezenfeksyon apre yo (sizo/peny/bwòs, elt.) kote egzamen an ap fèt la nan yon veso ki kouvri epi ki make 'clean (pwòp)' epi/oswa nan yon sachè plastik ki ka fèmen.
5) Yo bay yon dezenfektan ki deja melanje EPA apwouve (ki make klèman e yon fason apwopriye kòm yon dezenfektan) nan yon veso ki kouvri (ki make 'dirty (sal)').
6) Yo bay melanj dezenfektan pou yo ka plonje materyèl yo nèt apre yo fin itilize yo.
7) Yo bay yon sachè plastik ki ka fèmen ak yon resipyan plastik solid (di) (ki gwo ase pou kenbe sizo ak/oswa lòt zouti) pou si ta gen san ki koule epi yo make 'blood contamination (kontaminasyon san)' (mande moun k ap pase egzamen an pou l montre bagay sa yo si yo pa vizib); materyèl sekirite pou bakteri ki transmèt nan san (gan pwoteksyon pou jete ak pansman adezif) yo mete nan resipyan an.
8) Aplikan an dezenfekte men l ak dezenfektan (sou fòm likid, kim, ti sèvyèt mouye, elt.) anvan li touche kliyan an (mannken an).
9) Moun k ap pase egzamen an bay yon mannken ak po tèt ak cheve pwòp epi li byen tache sou estasyon travay la/tab la ak yon klanms sou kontwa (moun k ap pase egzamen an ka itilize sèvyèt papye oswa nenpòt lòt pwodui pou byen tache mannken an sou klanms lan).
10) Kliyan an (mannken an) byen kouvri ak yon kouvèti ki pwòp, penyen/longè redui oswa yon kouvèti nòmal; yo itilize yon sèvyèt oswa yon bann kou pou fòme yon baryè.
11) Yo respekte règleman sekirite ak kontwòl enfeksyon yo pandan tout aspè preparasyon estasyon travay la ak kliyan an (mannken an).

Drèd (30 minit)
8 Travay Evalye

Enstriksyon Vèbal yo:
"Pwochen pati egzamen an se demonstrasyon fason pou w drèd." W ap gen pou w demontre twa teknik drèd diferan: metòd peny, metòd kòde de dwèt, ak woule nan pla men. Ou ta dwe fè sis drèd avèk chak teknik. Pwosedi sa a dwe fèt nan pati ki anlè tèt la. Lè w fini, tanpri fè bak epi tann plis enstriksyon nan men moun k ap fè evalyasyon an pandan w rete an silans. Ou gen 30 minit pou konplete pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a.

1) Tout seksyon ak separasyon yo dwat, pwòp epi byen aliyen
2) Yo itilize jèl oswa krèm nan kantite ki apwopriye.
3) Lè w ap fè metòd woule nan pla men an, ou dwe travay nan drèd yo soti anlè rive anba, nan yon mouvman dousman ak fiks, nan sans kontrè zegwi yon mont, toujou kole ak men an pou yo pa pèdi tansyon
4) Lè w ap itilize metòd peny lan, cheve yo travay depi nan baz rive nan bout, nan mouvman dousman e fiks; pa mele, kontak k ap kontinye pou pa pèdi tansyon.
5) Lè w ap fè metòd kòde de dwèt la, ou dwe fè mouvman dwèt ki apwopriye yo nan yon mouvman ki dousman e ki fiks, an kontak k ap kontinye pou w pa pèdi tansyon.
6) Tout drèd yo lis gen menm gwosè, dansite ak tansyon epi yo silendrik, PA twò vlope oswa twò tòde.
7) Bout drèd yo file; yo pwòp e byen fèt (yo byen tache).
8) Yo respekte sekirite ak kontwòl enfeksyon pandan tout aspè nan drèd la.

Très (30 minit)
6 Travay Evalye

Enstriksyon Vèbal yo:
"Pwochen pati egzamen an se très. Ou dwe demontre twa kalite très: twa très cosamas (1 ½ - 2" dyamèt) sou yon bò tèt la ak twa ti très (1/16 - 1/8" dyamèt) ak twa très mwayen (1/4 - ½" dyamèt) sou lòt bò tèt la. Ou ta dwe itilize pati dyagonal ak ti seksyon vètikal. Lè w fini, tanpri fè bak epi tann plis enstriksyon an silans. Ou gen 30 minit pou w fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

1) Tout seksyon ak separasyon yo dwat, pwòp epi byen aliyen
2) Cheve atifisyèl la byen trete (yon ti kras tonbe atè a/elt.) epi li pase nan très la byen pwòp e menm gwosè, nan kantite ki apwopriye.
3) Tout très ak tras ki parèt yo pwòp, lis epi menm gwosè ak dansite; très chak kalite yo tout menm gwosè ak longè epi yo santre sou seksyon epi yo tonbe natirèlman.
4) Bout très yo byen fini epi byen fèt; cheve ki pèdi yo koupe sou longè très yo.
5) Toujou kenbe tansyon apwopriye sou po tèt la.
6) **Yo respekte sekirite ak kontwòl enfeksyon pandan tout aspè nan très la.**

Ti kouri (30 minit)
4 Travay Evalye

Enstriksyon Vèbal yo:
"Pwochen pati egzamen an se ti kouri. Ou pral kòmanse kreye senk ti kouri vètikal sou yon bò kouwòn lan. Lè w fin fè senk ti kouri vètikal, sèvi ak yon klip ki apwopriye pou deplase cheve anplis ki sou lòt bò kouwòn nan epi kreye yon ti kouri orizontal ak cheve ekstansyon, atravè pati anba kouwòn lan. Lè w fini, tanpri fè bak pou montre ou fini epi tann plis enstriksyon an silans. Ou gen 30 minit pou w fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

1) Tout seksyon ak separasyon yo dwat, pwòp epi byen aliyen

2) Cheve atifisyèl la byen trete (pa mele/yon ti kras tonbe atè a/elt.) epi yo mete l nan ti kouri yo yon fason pwòp e menm gwosè, nan kantite ki apwopriye.
3) Tout pwen yo pwòp, lis epi inifòm nan gwosè ak dansite; ti kouri yo PA twò dirije; tansyon apwopriye sou po tèt la toujou menm jan an.
4) Yo respekte sekirite ak kontwòl enfeksyon nan tout aspè pwosedi ti kouri a.

Grèf (30 minit)
7 Travay Evalye

Enstriksyon Vèbal yo:
"Dènye pati egzamen an se grèf." Kounye a, ou pral koud yon grèf sou ti kouri orizontal la ki te kreye ak ekstansyon cheve a. Lè w fini mete grèf la, tanpri fè bak epi tann an silans pandan evalyatè w la ap di w pou netwaye espas travay ou a epi remete materyèl ou yo nan plas yo. Y ap di w kilè ou ka kite espas travay ou a, epi lè yo kite w ale, y ap pèmèt ou jete sak pou jete w la lè w ap soti nan sal egzamen an. Ou gen 30 minit pou w fè pwosedi sa a epi ou ka kòmanse kounye a."

1) Yo bay tout materyèl ak zouti ki nesesè pou fini grèf la.
2) Ou trese baz ti kouri la nan direksyon mitan chak zòrèy epi rezilta a simetrik/menm gwosè
3) Ou mezire epi koupe tram nan nan gwosè ki apwopriye a anvan yo koud li
4) Aplikan an montre kontwòl total sou zegwi a ak kòd la
5) Yo itilize pwen ki apwopriye pou asire yon fil kase pa pral lakòz grèf la ale; pwen glise a gen yon tansyon ki menm, konsistan e apwopriye.
6) Grèf ki rete a pandye dwat e yon faso natirèl epi tram a kouche plat sou tèt la.
7) Yo respekte sekirite ak kontwòl enfeksyon nan tout aspè pwosedi mete grèf la.

Netwayaj Zòn Travay
4 Travay Evalye

Enstriksyon Vèbal yo:
"Kounye a ou ka ranje materyèl ou yo epi netwaye espas travay ou a si w poko fè sa." Lè w fini, tanpri fè bak epi tann yon evalyatè pou voye w ale. Lè w ap soti, tanpri asire w ou pa gen anyen ki rete. Mèsi pou kolaborasyon w e nou swete w bòn chans!

1) Yo te sere materyèl yo te itilize yo (sizo, bwòs, peny) nan yon veso ki make 'dirty (sal)' - oubyen- yo te remete yo nan sachè - oubyen- yo te mete yo nan sak ki ka jete yo.
2) Yo byen netwaye espas travay la (sifas travay la) avèk yon melanj dezenfektan; sifas atè a pwòp.
3) Tout materyèl/enstriman yo anbale epi pa gen anyen ki rete dèyè; aplikan an retire tout materyèl ki ka jete yo nan espas la.
4) Yo respekte règleman sekirite ak kontwòl enfeksyon yo pandan tout aspè netwayaj espas travay la.

BAY KANDIDA YO LÈ YO PRALE:
Mèsi paske w te vini. Y ap avize w pa imel kou rezilta egzamen w yo disponib. Ou dwe konekte sou kont sou entènèt ou a pou w wè rezilta w yo anba seksyon Egzamen an. Si w reyisi egzamen jodi a epi ou deja reyisi egzamen ekri a, w ap resevwa lisans ou pa lapòs. Si w echwe egzamen jodi a oswa ou bezwen pran egzamen ekri a, w ap oblije pran yon randevou epi peye pou pwochen egzamen w lan sou entènèt. Bòn chans!